



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

## Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

## Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair  
Danny Espino, Vice Chair

Roberto J. Alonso  
Lucia Baez-Geller

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Mary Blanco

Monica Colucci

Dr. Steve Gallon III

Luisa Santos

30 Oct 2023

Chè Elèv nan klas dizyèm ane:

Konpliman! Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) trè fyè de akonplisman ou lane pase. Ou te kenbe yon mwayèn minimòm 3.0 (GPA) san Klas avanse yo pandan lane lekòl 2022-2023 an epi ou gen yon nòt 4 oswa pi wo nan Evalyasyon Estanda (FAST) Lang Angle (ELA) pou lane 2023 a AK yon nòt 4 oswa pi wo nan egzamen Aljèb 1 pou Fen-klas la (EOC) AK gen yon nòt final A oswa B nan yon kou matematik ki pi elve oswa egal a Aljèb 2. Akoz siksè sa a, n ap ankouraje w pou w patisipe nan klas anwolman kou double yo (DE).

Pou w ka prepare w pou kolèj, ou dwe kòmanse pran kou avanse. KOU DE pèmèt ou pran klas kolèj avèk espwa pou resevwa kredi pou lekòl segondè ak kolèj anmenmtan. Gen plizyè opsyon ki disponib pou elèv ki enterese patisipe nan kou DE yo. Tout elèv M-DCPS ki satisfè kondisyon kalifikasyon ka enskri nan kou DE pandan sezon otòn, prentan, ak ete nan Kolèj Miami Dade, Florida International University, ak lòt kolèj/ inivèsite ki kalifye yo. Anplis, pifò lekòl segondè M-DCPS ofri kou DE nan kanpis yo, ni pandan jounen lekòl la ak apre lekòl. Anpil lekòl segondè gen patenarya tou ak enstitisyon prive ki kalifye yo, ki gen ladan Florida Memorial University ak St. Thomas University.

School for Advanced Studies nan Miami Dade College ak Advanced Academic Academy nan Florida International University ofri elèv tou nan klas 11yèm ak 12 yèm ane opòtinite pou pwofite de kou sa yo epi pran toulède kou lekòl segondè ak kou kolèj nan kanpis inivèsite a.

Tanpri nou vle w konnen ke anplis de mwayèn minimòm 3.0 (GPA) ou genyen, gen lòt kondisyon pou antre nan kolèj ke kolèj ak inivèsite yo pral mande w. Nou ankouraje w pou pran avantaj de opòtinite sa a. Rechèch te montre ke elèv ki patisipe nan anwolman kou doub gen pi bon nòt nan lekòl segondè epi yo gen plis siksè nan kolèj yon fwa yo enskri. Pran yon randevou ak konseye lekòl ou a oswa vizite sit entènèt Pwogram AkademiK Avanse a nan: <http://advancedacademicprograms.dadeschools.net/>.

Sensèman,

Doktè Jose L. Dotres  
Sipèentandan lekòl yo

JLD:mpm  
L0094